

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Manusa minangka mahluk ciptaan Allah Swt nu pangsampurnana, ku sabab manusa miboga akal pikiran nu fungsina pikeun nampa rupa-rupa informasi. Salah sahiji cara meunangkeun informasi nyaéta ngaliwatan basa salaku médiana. Nurutkeun Sudaryat (2004, kc. 6), basa téh salaku média komunikasi nu fungsina pikeun ngébréhkeun rasa, pikiran, jeung kahayang manusa. Kitu ogé jeung pangarang karya sastra dina ngébréhkeun rasa, pikiran, jeung kahayangna ngagunakeun basa salaku médiana nu ngawujud jadi karya sastra.

Sastra mangrupa ékspresi nu *spontan* tina rasa anu jero, sarta ékspresi pikiran dina basa mangrupa sawangan, ide-ide, rasa, pamikiran jeung kagiatan méntal manusa. Sastra mangrupa hiji sistem nu puguh aturanana, maksudna hiji karya sastra kudu miboga wangun seni, anu miboga pola kalawan ciri nu mandiri (Sumardjo & Saini KM, 1997, kc. 2).

Nurutkeun Iskandarwassid (1992, kc. 138), karya sastra mangrupa karya seni anu digelarkeunana ngagunakeun alat basa. Minangka karya seni, warnaning karya sastra téh diciptana salawasna napak dina usaha ngolah unsur-unsur éstétis (kaéndahan sastra).

Ratna (2011, kc. 36) nétélakeun yén ajén éstétis téh ngawengku sagala hal anu aya patalina jeung unsur kaéndahan. Ari kaéndahan téh hakékat tina karya seni. Hartina, unggal karya seni tangtu miboga unsur kaéndahan.

Guguritan mangrupa bagéan tina génré sastra, ku kituna dina guguritan bisa nepikeun ide-ide jeung pikiran.

Guguritan nyaéta karangan pondok anu disusun maké patokan pupuh. Jadi nurutkeun wangunna, guguritan téh wangun ugeran, lantaran kauger ku aturan pupuh téa. Ari eusina diwangun ku hiji jejer utama, sarta pikiran jeung perasaan pangarangna ogé museur ka dinya.

Nurutkeun Rusyana nu dicutat ku Koswara (2003, kc. 75), eusi guguritan téh umumna ngébrehkeun soal kanyaah antar manusa, kalakuan manusa, pakasaban hirup, kabudayaan, atikan, pangajaran, peristiwa, jeung kaéndahan alam.

Jaman kiwari guguritan geus teu dipikawanoh deui ku masarakat. Guguritan kauger ku aturan pupuh, ku lantaran éta jarang pengarang anu nulis guguritan, pengarang leuwih milih nulis carpon atawa sajak, nulis guguritan kawilang hésé, sabab teu ngan saukur nulis rumpaka hungkul, tapi ogé kudu dipikiran kumaha sangkan éta rumpaka bisa ngeunaheun nalika ditembangkeun. Ku lantaran éta ogé guguritan jarang aya dina média cétak nu ngabalukarkeun masarakat geus teu mikawanoh deui kana guguritan.

Guguritan bisa jadi salahsahiji bahan pangajaran, ieu hal luyu jeung KI-KD pangajaran basa Sunda kelas X dina pangajaran guguritan. Di taun 2014 medal buku kumpulan guguritan *Lagu Ngajadi* karya Dian Hendrayana. Éta kumpulan guguritan téh mangrupa tulisan Dian Hendrayana ti taun 1999-2013. Buku kumpulan guguritan *Lagu Ngajadi* bisa dijadikeun bahan pikeun pangajaran basa Sunda. Sabab loba ajén-inajén ogé gaya basa nu ngirut pikeun ngahudang karesep siswa dina diajar guguritan.

Saacanna geus aya panalungtikan dina wangun skripsi ngeunaan guguritan, judulna “Ajén Moral Guguritan dina Buku *17 Sekar Pupuh* Karya Godi Suwarna” ku Arfan Falfariq. (2008). Salian ti éta, aya deui panalungtikan nu sawanda jeung ieu panalungtikan, judulna “Unsur éstétika dina Rumpaka *17 Sekar Pupuh* Karya Godi Suwarna” ku Imas Dachmawangsih (2005); jeung “Ajén Éstétis dina Kumpulan Dangding *Lagu Liwung Urang Bandung* Karya Apung S. Wiratmadja pikeun Bahan Pangajaran Maham Rumpaka Tembang di SMA” ku Dini Novianti (2014).

Nepi ka ayeuna can aya nu husus medar ngeunaan ajén éstétika nu aya dina guguritan. Salian ti éta, kumpulan guguritan *Lagu Ngajadi* karya Dian Hendrayana ogé dilélér hadiah sastra rancagé taun 2015. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan dina wangun skripsi anu dijudulan “Ajén Éstétika dina Kumpulan Guguritan *Lagu Ngajadi* Karya Dian Hendrayana pikeun Bahan Pangajaran Guguritan di SMA Kelas X”.

## 1.2 Rumusan Masalah

Sangkan dina ieu panalungtikan teu lega teuing ambahanana, di handap dirumuskeun masalah-masalah nu rék ditalungtik.

- 1) Ajén éstétika naon waé nu aya dina kumpulan guguritan *Lagu Ngajadi* karya Dian Hendrayana?
- 2) Kumaha ngalarapkeun hasil ieu panalungtikan kana pangajaran guguritan di SMA kelas X?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

### 1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung rumusan masalah nu geus dipedar saméméhna, tujuan umum ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun ajén éstétika dina kumpulan guguritan *Lagu Ngajadi* karya Dian Hendrayana.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

1. Ajén éstétika nu aya dina kumpulan guguritan *Lagu Ngajadi* karya Dian Hendrayana;
2. Larapna hasil ieu panalungtikan kana pangajaran guguritan di kelas X SMA.

## 1.4 Manfaat Panalungtikan

### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun ngajembaran pangaweruh ngeunaan kasusastraan sarta pangajaran, utamana pangajaran guguritan di kelas X SMA

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat saperti di handap.

1) Pikeun Siswa

Pikeun siswa ieu panalungtikan bisa ngawanohkeun ajén éstétika nu aya dina guguritan karya Dian Hendrayana. Lian ti éta dipiharep bisa numuwuhkeun kasadaran siswa di sakola kana basa indungna sorangan tegesna basa Sunda.

2) Pikeun Guru

Pikeun guru, hasil tina ieu panalungtikan bisa jadi alternatif bahan ajar hususna bahan pangajaran guguritan di kelas X SMA.

3) Pikeun Masarakat

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa leuwih nyadarkeun masarakat kana kabeungharan basa Sunda, nu antukna masarakat bisa leuwih ngajaga tur maké basa Sunda.

4) Pikeun panalungtik

Pikeun panalungtik ieu panalungtikan bisa nambahan informasi anyar ngeunaan ajén éstétika nu aya dina kumpulan guguritan *Lagu Ngajadi* karya Dian Hendrayana.

### 1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan mangrupa gambaran umum sistematika nyusun skripsi nu méré gambaran eusi dina unggal bab sarta hubungan antara hiji bab jeung bab saterusna.

- 1) BAB I: Bubuka medar gambaran umum ngawengku kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta raraga tulisan.
- 2) BAB II: Ulikan tiori atawa landasan tioritis pikeun masalah nu dijieun objek panalungtikan, eusina ngajelaskeun sacara déskriptif tiori-tiori nu luyu dipaké pikeun panalungtikan, rujukan séjén nu aya pakaitna jrung panalungtikan sarta panalungtikan saméméhna.
- 3) BAB III: Metodologi panalungtikan, medar ngeunaan métodologi panalungtikan, instrumen panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data.

- 4) BAB IV: Hasil panalungtikan, hasil ngolah data jeung analisis panalungtikan pikeun ngajawab rumusan masalah ku cara ngadéskripsikeun sacara proporsional.
- 5) BAB V: Kacindekan, impleméntasi jeung rékoméndasi.